



# Sèvis Sipò Familyal

**Ede fanmi yo bay swen nan kay pou paran yo ki gen andikap devlopmantral**

## **Sèvis Sipò Familyal ka ba ou:**

Yon moun pou rele pou jwenn sipò

Enfòmasyon sou pwogram ak sèvis OPWDD yo

Yon moun pou eksplike w benefis ou gen dwa yo

Ede fè aranjman pou swen sante, edikasyon ak opòtinite lwazi

Konsèy ak fòmasyon pou amelyore estabilite fanmi ak pou ede w planfiye pou lavni

Transpòtasyon, ekipman spesyal oswa modifikasyon ki nesèsè pou kay

Ede pran swen yon manm fanmi ki gen yon andikap

Sèvis relèv, sa ki bay yon soulajman tanporè nan swen

Ranbousman familyal pou acha machandiz ak sèvis

Nan OPWDD, deviz nou se "mete moun an premye." Avèk sa nan lespri nou, nou pran angajman pou founi yon varyete sipò ak sèvis pou moun ki gen andikap devlopmantral. Sèvis nou yo fèt pou bay bon kalite sipò endividalize. Kòm toujou, objektif nou nan OPWDD se pou ede moun ki gen andikap devlopmantral viv vi yo pi byen nan kominote yo!

## **Reponn a bezwen fanmi w**

Kowòdonatè Sèvis Sipò Familyal yo disponib nan chak Biwo Sèvis Andikap Devlopmantral nan tout Eta (DDSO) pou ede fanmi yo jwenn èd.

Chak DDSO gen yon Konsèy Konsiltatif pou Sèvis Sipò Fanmi pou reprezante enterè manm fanmi ak moun ki gen andikap devlopmantral yo. Konsèy yo travay an patenarya avèk DDSO yo pou pran desizyon pou sipòte fanmi yo ansanm avèk paran pwòch yo.

Youn nan sèvis yo mande pi souvan se swen relèv. Sèvis relèv bay soulajman tanporè nan demann swen, sa kap ede redwi estrès fanmi anjeneral. Sa souvan pèmèt yo pi byen reponn a bezwen yon manm fanmi ki gen yon andikap devlopmantral. Yo ka bay swen relèv nan kay oswa andeyò kay la, pandan lajounen, aswè oswa nan lannwit.

Anplis de bay swen relèv, DDSO yo toujou ap kontinye travay avèk ajans kominotè lokal yo pou asire ke lòt sèvis sipò fanmi pou moun ki gen andikap devlopmantral yo ansanm avèk paran pwòch yo disponib nan lè ak kote yo bezwen yo. Sèvis Sipò Familyal ka gen ladan:

enfòmasyon ak referans

konsèy endividyèl ak fanmi

fòmasyon manm-fanmi

Lwazi

Kan

pwogram apre lekòl

Transpòtasyon

sèvis frè ak sè

gwoup sipò

kowòdinasyon sèvis

Rezo paran-a-paran

DDSO yo ka fè aranjman tou pou ekipman spesyalize ak modifikasyon kay.

Sèvis Sipò Familyal ka ede nan moman kriz lè yon manm fanmi oswa yon paran pwòch vin malad, oswa lè bagay yo vin difisil nan kay la pou lòt rezon yo. Avèk asistans ak sipò, fanmi yo souvan reziste avèk sitiyaasyon sa yo epi rete ansanm.

Chèche jwenn plis enfòmasyon sou sèvis ak sipò sa yo lè ou rele Kowòdonatè Sèvis Sipò Fanmi nan DDSO lokal ou.

Enfòmasyon disponib tou lè ou rele Liy enfòmasyon OPWDD gratis nan (866) 946-9733, telefòn, oswa (866) 933-4889 TTY; sou sitwèb OPWDD: [www.opwdd.ny.gov](http://www.opwdd.ny.gov).

# Rantre nan Konvèsasyon an

Ede OPWDD kenbe w okouran - rantre nan konvèsasyon an jodi a epi ranfòse ak enfòmasyon egzat, apwopriye.

**Rantre nan Konvèsasyon an jodi a sou [opwdd.ny.gov/jointheconversation](https://opwdd.ny.gov/jointheconversation)**